# Баспасөз ҳәм ғалаба хабар қураллары хызметкерлерине Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси менен Министрлер Кеңесиниң байрам қутлықлаўы

Image not found or type unknown

**Әзиз дослар!**

Ең дәслеп, машақатлы ҳәм мақтанышлы кәсип ийелери – баспасөз ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллерин, барлық журналистлеримизди, тараў пидайылары ҳәм ветеранларын кәсиплик байрамыңыз – Баспасөз ҳәм ғалаба хабар қураллары хызметкерлери күни менен Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм Министрлер Кеңеси атынан қызғын қутлықлаймыз.

Халқымыз Сизлерди терең пикирлейтуғын, билимли, жоқары инсаныйлық пазыйлетлери ҳәм өзине тән мәденияты менен ажыралып туратуғын, өз өмирин инсанлардың қуўанышлары менен тәшўишлерин бөлисиўге, олардың машқалаларын шешиўге бағышлаған машақатлы ҳәм саўаплы кәсип ийелери сыпатында қәдирлейди ҳәм айрықша ҳүрмет етеди.

Соңғы жыллары елимизде Ҳүрметли Президентимиздиң басшылығында мәлимлеме тараўын реформалаў, мәлимлеме ҳәм сөз еркинлигин тәмийинлеў, ғалаба хабар қуралларын ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў, тараў пидайыларының мийнетлерин мүнәсип хошаметлеў мәселелерине жоқары итибардың қаратылыўы – бул дөретиўши инсанлардың терең излениўлер алып барып, дәўир талабына сай жумыс ислеўине беккем тийкар болмақта.

Бул бағдарда Сизлердиң тынымсыз хызметлериңизди, әсиресе турмысымызда жүз берип атырған тарийхый өзгерислер менен жаңаланыўларды инсанларға қалыс жеткериў, жасларымыздың қәлбинде ана-Ўатанымызға, халқымызға деген садықлық сезимлерин тағы да күшейтиў, оларды жат идеялар тәсиринен қорғаў, орынларда ушырасып атырған машқалаларға мәмлекетлик уйымлар менен кең

жәмийетшиликтиң итибарын қаратыў, оларды сапластырыў жолында алып барып атырған дөретиўшилик мийнетлериңизди жоқары баҳалаймыз.

Өзлериңиз жақсы билесизлер, Ҳүрметли Президентимиз өткен жылдың 29-декабрь күни Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисине жоллаған Мүрәжатында ашық-айдынлық ҳәм сөз еркинлиги бул – дәўир талабы екенлигин, сөз еркинлигин тәмийинлеў, ғалаба хабар қуралларын ҳәр тәреплеме раўажландырыў, журналист ҳәм блогерлердиң еркин жумыс ислеўи ушын ҳуқықый тийкарлардың және де күшейтилетуғынлығын айрықша атап өтти.

Ҳақыйқатында да, елимиз раўажланыўдың жаңа басқышларына көтерилип атырған бүгинги күнде ғалаба хабар қуралларының дәўир менен тең қәдем таслаўын тәмийинлеў, тараўдағы реформаларды және де тереңлестириў, электрон мәлимлеме тарқатыў системасын раўажландырыў, баспасөз ҳәм мәлимлеме тараўының сапасын ҳәм тәсиршеңлигин арттырыў оғада әҳмийетли мәселелерден саналады.

Өйткени, мәмлекет ҳәм жәмийет арасында сапалы пикирлесиўди жолға қойыў, мәмлекетлик ҳәм хожалық басқарыў уйымлары, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары жумысының ашық-айдынлығын тәмийинлеў, халыққа оператив, қалыс ҳәм исенимли мәлимлемелерди жеткерип бериў – инсанларды турмыстан разы етиўдиң әҳмийетли өлшемлеринен бирине айланып бармақта.

Турақлы излениўди талап ететуғын бундай машақатлы ҳәм жуўапкерли исте Сизлердиң билим ҳәм тәжирийбеңизге, пидайылығыңыз бенен жанкүйерлигиңизге, халқымызға ҳәм ана-Ўатанымызға садықлық пенен хызмет ететуғыныңызға беккем исенемиз.

Әсиресе елимиз ғәрезсизлигиниң 30 жыллығы кеңнен белгилениўи күтилип атырған быйылғы жылда халқымызды және де уллы дөретиўшилик ислерге руўхландырыў жолындағы ийгиликли ислериңизди жоқары баҳалаймыз.

Тийкар салынғанына быйылғы жылы 90 жыл толып атырған Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме ҳәм ғалаба коммуникациялар басқармасы ҳәмде «Қарақалпақстан жаслары» газетасының мийнет жәмәәтлерине, жарық көргениниң 75 жыллығын кеңнен белгилеп атырған районлық «Халқ минбари» ҳәмде «Мийнет байрағы» газеталарының дөретиўши инсанларына, 50 жылдан берли өз оқыўшыларына ийе болып киятырған «Қанлыкөл хабарлары» газетасының ҳәмде бир қатар тараўлық басылымлардың пидайылары менен турақлы оқыўшыларына өзимиздиң жоқары ҳүрметимизди билдиремиз.

**Қәдирли дослар!**

Бәршеңизди кәсиплик байрамыңыз бенен және бир мәрте қызғын қутлықлап, Сизлерге беккем денсаўлық, шаңарақларыңызға аманлық, пайыз ҳәм берекет, дөретиўшилик жумысларыңызда тасқын табыслар тилеймиз.

**Қарақалпақстан Республикасы**

**Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы** **М.Камалов**

**Қарақалпақстан Республикасы**

**Министрлер Кеңесиниң Баслығы** **Қ.Сариев**